

**Etta New York
KOMISYON REPARASYON POU TRAVAYÈ
YO NAN KAD AKSIDAN TRAVAY**

AJANS SA BAY MOUN KI GEN ANDIKAP
TRAVAY EPI LI BAY YO SÈVIS SAN
DISKRIMINASYON.

KONKLIZYON AK REPARASYON KI PREVWA POU DESIZYON REKONSILYASYON

Kandida ki gen Repezantan yo Sèlman

NIMEWO DOSYE WCB AN (YO)	DAT AKSIDAN AN (YO)	NON KANDIDA AN (TANPRI EKRI L AK LÈT DETACHE)
NIMEWO DOSYE KONPAYI AN	KÒD KONPAYI AN	NON KONPAYI AN (TANPRI EKRI L AK LÈT DETACHE)
ANTREPRIZ KI BAY TRAVAY LA (TANPRI EKRI L AK LÈT DETACHE)		LÒT MOUN KI KONSÈNE YO (tanpri ekri ak lèt detache)

Moun ki konsène nan kad pwosè yo te dakò sou konklizyon yo ak reparasyon jan sa endike pi ba an, epi dapre 12 NYCRR 312.5, mande pou yo entegre yo nan yon desizyon rekonsilyasyon. Si gen yon **reyinyon**, desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze nan reyinyon sa pral vin yon desizyon fianl epi li pral repezante yon reparasyon Komisyon an lè dokiman sa siyen nan prezans medyatè an. Si pa gen **reyinyon**, desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze nan reyinyon sa pral vin yon desizyon final si Komisyon an pa resevwa okenn objeksyon nan yon espas 30 jou aprè li voye desizyon pwopoze an bay moun ki konsène yo.

MOUN KI AFICHE PI BA YO ASEPTE AK SA KI EKRI PI WO YO EPI YO KONFIME RESEPSYON YON KOPI DOKIMAN SA

KANDIDA (Siyati)

KONPAYI ASIRANS OSWA ANTREPRIZ KI GEN ASIRANS PA LI
(Tanpri ekri l ak lèt detache)

MOUN KONSÈNE AN (tanpri ekri ak lèt detache)

AVOKA OSWA REPEZANTAN OTORIZE (Siyati)

Pou: _____
(Siyati)

Pou: _____
(Siyati)

AKÒ AN TE SIYEN NAN PREZANS MWEN NAN YON REYINYON.

_____ MEDYATÈ (Siyati) _____ DATE

12 NYCRR 312.5 Desizyon Rekonsilyasyon yo

(a) Si kandida an gen yon avoka oswa reprezantan otorize ki reprezante l, desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze an pral vin yon desizyon final si pa gen demann pou yon reyinyon fèt oswa si Komisyon an pa resevwa okenn objeksyon nan yon espas 30 jou aprè komisyon an voye desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze an bay tout moun ki konsène yo, oswa lè l siyen nan prezans medyatè an, epi li pral reprezante yon reparasyon Komisyon an pou tout sitiyasyon, sof nan dispozisyon sibdivizyon (g), (i) ak (j) nan atik sa.

(b) Si kandida an pa gen yon avoka oswa reprezantan otorize ki reprezante l, desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze an p ap vin yon desizyon final si gen demann pou yon reyinyon fèt oswa si Komisyon an resevwa okenn objeksyon nan yon espas 30 jou aprè komisyon an voye desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze an bay tout moun ki konsène yo, Epi tou, li p ap vin yon desizyon final toutotan Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay prezidans lan deziyen pa revize l oswa apwouve li. Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la pral dirije revizyon sa epi bay apwobasyon l oswa refi li nan yon espas 15 jou aprè resepsyon desizyon rekonsilyasyon biwo rekonsilyasyon an te pwopoze an.

(c) Yon avi apwobasyon oswa refi dwe ale jwenn tout moun konsène yo aprè Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la fin fè revizyon ki detaye nan sibdivizyon (b) nan atik sa.

(d) Si Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay la apwouve desizyon rekonsilyasyon ki pwopoe an, yon kandida ki pa gen reprezantan ap gen 10 jou apati resepsyon avi sibdivizyon (c) nan atik sa pou l separe ak desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze an.

(e) Yon antrepriz oswa yon konpayi asirans genyen dwa pou li opoze ak desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze an. Objeksyon sa dwe depoze devan Komisyon an nan yon espas 30 jou aprè yo voye desizyon ki pwopoze an dapre sibdivizyon (b) nan atik sa.

(f) Nan sitiyasyon kote pa gen yon akò nan mitan moun ki konsène yo, oswa, si kandida an pa gen reprezantan, kote yon Jij ki espesyalize nan Aksidan Travay pa apwouve oswa kote kandida an retire tèt li nan desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze an, dosye an ap transfere nan kalandriye odyans yo, sa ki kapab gen ladan l yon konferans preparatwa anvan odyans lan.

(g) Desizyon rekonsilyasyon final la pa kapab revize dapre atik 22 ak 23 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la. Jiridiksyon pèmanan komisyon an dapre atik 123 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la aplike ak sitiyasyon rekonsilyasyon yo.

(h) Konpayi asirans lan dwe depoze fòm C-8/8.6 lan ki montre pèman ki te fèt yo. Fòm C-8/8.6 la nan sitiyasyon rekonsilyasyon yo la dwe depoze nan espas tan ki ekri nan atik 25 lan nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la.

(i) Kote konpayi asirans lan pa t fè okenn pèman reparasyon yo nan lè yo dwe fèt la (nan yon espas 10 jou) jan sa egzije nan desizyon rekonsilyasyon an, prezidans komisyon an oswa yon anplwaye nan komisyon an prezidans lan otorize dwe fè konpayi asirans lan peye yon amann \$500, nan konfòmite ak paragaf (h) nan sibdivizyon 2-b nan atik 25 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la. Amann sa pa dwe revize dapre atik 22 ak 23 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la, men yon anplwaye nan komisyon an prezidans lan otorize dwe kapab revize amann sa nan konfòmite ak pwosedi prezidans lan tabli yo. Tan pou peye yon reparasyon an bay yon kandida ki pa gen reprezantan kòmanse apati ekspirasyon delè kandida an genyen pou l retire tèt li nan desizyon rekonsilyasyon ki pwopoze an, dapre sibdivizyon (d) nan atik sa.

(j) Amann ak evalyasyon ki nan paragaf (f) nan sibdivizyon 3 nan atik 25 lan nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la, pou pèman anreta reparasyon yo, pa dwe aplikab ak sitiyasyon rekonsilyasyon yo.